



Pou Piblikasyon Imedya: 08/11/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ACHÈVMAN NOUVO SANT TRANSPÒ ENTÈMODAL POU ANBA LAVIL BUFFALO

*Nouvo estasyon ki nan Exchange Street lan defwa gwosè premye estasyon ray tren an epi li bay yon pòtay ki entèkonekte avèk anba lavil Buffalo a*

*Pwojè konsepsyon konstriksyon an kontinye angajman Eta New York pou devlope ekonomi Buffalo a*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke gwo konstriksyon an te acheve nan nouvo sant transpò modèn lan nan anba lavil Buffalo. Estasyon Exchange Street lan, ke yo te konstwi atan sou bidjè a, defwa gwosè premye estasyon ray tren vil la epi li bay vwayajè yo yon pòtay ki aksesib epi ki entèmodal pou anba lavil ki trè okipe Buffalo a avèk koneksyon fasil pou sèvis bis ak ray tren lejè lokal. Nouvo estasyon an pral pwomouvwa aktivite ekonomik ak touris pou tout rejyon Lwès New York lan epi li pral fè avanse repriz kontini Buffalo a nan rann li pi fasil pou vizite anpil atraksyon zòn lan.

"Aksè nan anpil fòm transpò esansyèl pou devlope nenpòt ekonomi. Pandan vrèman twò lontan, Vil Queen te san yon estasyon tren akeyan ki konparab avèk kwasans Rejyon Lwès New York te eksperimente nan ane pase yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Gras ak travay di sitèlman anpil moun, Buffalo genyen kounye a sant transpò modèn li merite a - epi avèk achèvman pwojè sa a nou ap voye yon mesaj ke nou kapab toujou bati epi fè bagay yo fèt menm pandan COVID la."

"Kòm yon Nouyòkè Rejyon Lwès natif natal, mwen te wè pèsònèlman renesans rejyon an avèk devlopman ki transfòme kominote ak bò dlo yo", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Nouvo estasyon sa a se yon flanbo lespwa ki ap briye pou lavni an pandan nou ap kontinye konbat pandemi COVID-19 la. Se yon senbòl fòs ak rezilyans Buffalo, nan amelyore transpò ak konektivite nan zòn lan. Anba lavil (Downtown) Buffalo te devni yon destinasyon, epi estasyon sa a etann yon koridò vital nan bò dlo a epi li kontinye efò nou yo pou rebati pi byen ekonomi nou an, ogmante touris ak amelyore kalite lavi".

Li sitiye toupri destinasyon popilè tankou Canalside ak Key Bank Arena (Estad Key Bank) lan, yo te konstwi nouvo estasyon an nan menm teren ak premye a, Estasyon Amtrak ki gen 66 ane a, men yo te elve li epi yo te deplase li pi pre ri a pou amelyore aksè ak vizibilite. Yo te konsevwa estrikti a pou akomode ekspansyon alavni sèvis bis

ant vil yo ak wout tren anlplis yo, sa ki te kreye yon vrè sant transpò entèmodal pou anba lavil Buffalo.

Yo te tise nouvo estasyon an nan estrikti iben Buffalo a, avèk konektivite ki amelyore pou sistèm ray tren vil lejè vil la - atravè yon nouvo plas pou pyeton ki kouvri - ak ekipman anlplis pou veyikil yo, pyeton yo ak siklis yo. Avèk gwosè ki pi gran ak konsepsyon modèn li a, li ofri espas pou chita anlplis, plis paking, yon zòn pou mete moun atè ak pou pran moun ke yo dezinye, ak yon platfòm yo re-konsevwa pou rann li pi fasil ak plis an sekirite pou pasaje yo monte ak desann tren yo.

Nouvo estasyon an genyen kapasite plis pase 40 chèn ak imaj Buffalo ke yo prezante nan mitan planche Terazzo li a. Yo te ranplase premye platfòm ba nivo estasyon an ak yon platfòm nèf, ki pi long, ba nivo pou moun ka monte pi fasil. Li prezante tou nouvo ekleraj ak yon ovan.

Yon kyòsk Taste NY (Goute NYH) pral sèvi manje lokal ak bwason, nan ankouraje vizitè ak Nouyòkè yo eksperimente kalite ak divèsite pwodwi ki fèt New York yo pandan yo ap sipòte biznis agrikòl ak biznis manje yo. Kyòsk la pral ouvè nan jou lasemèn mwa oktòb la soti 7 AM pou rive 1 PM epi yo pral ajoute èdtan aswè yo an novanm, 6 rive 9 PM. Pwodwi yo pral gen ladan yo ti goute, fwi, bwason cho ak frèt, patisri, sandwich, ak plis ki soti nan founisè New York yo, gen ladan kafe ki soti nan McCullagh Coffee Roasters, Buffalo, NY; bonbon chokola olè ki soti nan Kelly's Country Store, Grand Island, NY; ak plis. Lis pwodwi aktyèl yo disponib [isit](#).

Yo pral ajoute pwodwi anlplis nan meni an nan mwa ki ap vini yo.

Yo te itilize materyo ki efikas nan enèji epi ki respekte anviwònman an nan konstriksyon nouvo estasyon an epi etablisman an respekte Lwa sou Ameriken ki gen Andikap (Americans with Disabilities Act) yo.

Depatman Transpò Eta New York (New York State Department of Transportation, NYSDOT) la te asime kontwòl pwojè a pou ranplase estasyon tren an apre Vil Buffalo te reyalize yon etid sou pozisyonman ki te bay kòm rezilta desizyon pou itilize plas estasyon aktyèl la pou etablisman nouvo ki amelyore a. Eta a te akòde yon kontra kesepsyon-konstriksyon pou 27.7 milyon dola pou konstriksyon nouvo estasyon an nan desanm 2018 epi travay yo te kòmanse yon ti kras tan apre. Yo te demoli ansyen estasyon an epi yo te bati yon nouvo estasyon pou desèvi pasajè yo pandan pwosesis konstriksyon an.

Yo te anlwaye metòd livrezon pwojè konsepsyon-konstriksyon an - kote yo te kontrakte yon sèl antite ke yo rele konsepsyon-konstriktè ni pou konsepsyon enjeniri an ak konstriksyon nouvo pwojè a - pou ekonomize tan ak redwi depans yo.

**Komisè Depatman Transpò Eta a, Marie Therese Dominguez te deklare,** "Gouvènè Cuomo konprann ke yon rezo transpò modèn se poto mitan yon ekonomi ki vibran epi ki ap delvlope. Estasyon Buffalo ki nèf, ki gen klas mondyal sa a fè pati angajman istorik

Eta New York pa sèlman pou restore enfrastrikti transpò nou an men pou rebati li pi byen ak pi rezilyan pou avantaj jenerasyon sa a ak jenerasyon ki ap vini yo. Estasyon sa a bay egzanp sou kapasite kontini Depatman Transpò a pou konsevwa ak bati etablisman transpò ki gen klas mondyal nan tout Eta New York".

**Komisè Agrikilti Eta a, Richard A. Ball te deklare,** "Nouvo Estasyon ki nan Exchange Street lan pral yon gwo avantaj pou kominote ak eknoomi Buffalo a, nan bay ni rezidan ak vwayajè yo yon opòtinite anplis pou konekte avèk tout sa ki ekstraòdinè sou Eta New York, gen ladan manje ak bwason ki gen kalite, ki kilitive epi ki fèt nan New York yo. Oswa andedan estasyon an nan kyòsk Taste NY nou an, oswa atravè tout sistèm Rejyon Lwès New York la, yo pral mete an evidans pwodwi ki fèt lakay nou yo, sa ki pral estimile manje New York ak biznis fèm nou yo ak ekonomi lokal nou yo".

"Nou kontan anpil pou ouvri nouvo Estasyon ki nan Exchange Street Buffalo sa a, ki pral benefisye rezidan ak vizitè Rejyon Lwès New York yo lè yo ap vwayaje nan Eta a an andeyò Eta a", **Prezidan ak Direktè Jeneral Egzekitif Amtrak la, Bill Flynn, te deklare.** "Nou vle remèsye Gouvènè Cuomo, Majistra Brown, ak NYSDOT pou patenarya ak kolaborasyon yo a ki fè nou wè estasyon modèn sa a ouvri."

Li te bati an 1952, Estasyon orijinal Buffalo a te yon arè enpòtan nan tout Branch Niagara Koridò Empire (Niagara Branch of the Empire Corridor) a, nan konekte Buffalo, Niagara ak Toronto. Apwoksativman 38,000 pasaje itilize estasyon an chak ane.

"Pandan anpil ane, Estasyon Amtrak Buffalo ki nan Exchange Street la te rete neglije epi souvan initalizab, sepandan li plen potansyèl nan mitan koridò anba lavil ki ap evolye a. Sa chanje jodi a", **Senatè Tim Kennedy, Prezidan Komite Transpò Sena a (Senate Transportation Committee), te deklare.** "Kounye a, nou kapab akeyi avèk fyète vizitè yo nan yon estasyon modèn ki priyore frekantasyon ak transpò entèmodal. Sa make yon gwo investisman ki soti nan Eta New York men ankò, li demontre ke patenarya ki chita sou kominote yo pral kontinye transfòme Vil Queen."

"Nouvo Sant Transpò Entèmodal (Intermodal Transportation Hub) Buffalo a se yon amelyorasyon ki nesèsè anpil nan ansyen Estasyon Amtrak la ki twouve li nan Exchange Street pandan prèske 70 ane", **Chèf Majorite a Crystal Peoples-Stokes te deklare.** "Sant transpò modèn ki koute 29.8 milyon dola ke yo t ap tann lontan nan men NYS DOT a pral ede akeyi vizitè yo nan vil mèvèye nou an. Mèsi Gouvènè Cuomo pou angajman li pou bay sipò kontini ak gran vil nou an."

"Mwen kontan anpil pou mwen wè achèvmman nouvo estasyon tren Buffalo ki nesèsè anpil la", **Manm Asanble Sean Ryan te deklare.** "Nouvo estasyon sa a pral bay vwayajè yo yon kote ki aksesib epi ki konfòtab pou yo konekte avèk sèvis bis ak ray tren nou yo, epi asire ke vizitè nou yo genyen yon premye enpresyon ki pozitif sou Rejyon Lwès New York. Mèsi Gouvènè Cuomo ak NYSDOT a pou lidèchip ak travay efikas yo a nan pwojè sa a."

**Egzekitif Konte Erie a, Mark C. Poloncarz te deklare,** "Pwojè sa a reprezante yon angajman pou bay rezidan yo ki soti nan tout rejyon nou an yon lòt opsyon pou yo aksede ak tout sa ki ap pase nan anba lavil Buffalo. Li pral bay yon elan nan devlopman ekonomik kontini ki ap fèt nan distri biznis santral vil la epi li pral montre rezidan Konte Erie yo ak vizitè anplis nan Rejyon Lwès New York yo ke Gouvènè Cuomo ak Eta New York rete konsantre sou ede ekonomi nou an devlope, menm pandan moman ensèten sa yo kòm nou kontinye ap adrese pandemi mondyal sa a".

**Majistra Byron W. Brown te deklare,** "Achèvman nouvo Estasyon Exchange Street lan se yon gwo pa an avan kòm nou kontinye ap modènize ak amelyore aksesibilite piblik ak eksperyans pasaje nan anba lavil Buffalo. Apre li te fin aksepte defi 1 milyon dola pou sis mwa Gouvènè Andrew Cuomo a an 2016 pou li gide pwosesis la ak finalman rekòmande sit Exchange Street la kòm pozisyon ideyal pou yon nouvo estasyon tren modèn, nou ap selebre kounye a achèvman li. Avèk kontribisyon enpòtan ki soti nan kominote nou an, nouvo Estasyon Exchange Street lan sèvi kòm yon gwo pòtay ki entèkonekte nan anba lavil Buffalo, epi li pral rann vwayaj pi fasil pou rezidan ansanm ak vizitè yo, pandan tou li ap ankouraje aktivite ekonomik ak touris. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo ak Depatman Transpò a pou angajman ak envestisman kontini yo a nan lavni Buffalo".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)